# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–29 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि एक्कईसवीं सदी के जरूरति के पूरा करे बदे सरकार देस क सिक्षा व्यवस्था के आधुनिक बना रहलि हौ। उहां के कहलीं कि केन्द्र सरकार देस क हर विद्यार्थी बदे विस्व स्तरीय ज्ञान सुगम बना रहलि हौ। श्री मोदी आजु नई दिल्ली के भारत मंडपम में सरकार सिक्षा, समुदाय, उद्योग अउर नवोन्वेसक समुदाय के नेता लोगिन के पहिला रणनीतिक सम्मेलन युग्म के सम्बोधित करत ई बाति कहलें।

***ये जरूरी है कि हम अपने युवाओं के भविष्य के लिए और उनको भारत के उज्जवल भविष्य के लिए तैयार करें। इसमें बड़ी भूमिका देश के एजुकेशन सिस्टम की भी होती है। देश में नई नेशनल एजुकेशन पॉलिसी लाई गई है। इसे शिक्षा के ग्लोबल स्टेंडर्ड को ध्यान में रखकर तैयार किया गया है।***

प्रधानमंत्री कहलें कि भारत क विश्वविद्यालय परिसर गतिसील केन्द्रन के रूप में उभरि रहल हवे। उहां के कहलीं कि एक राष्ट्र एक सब्सक्रिप्सन, विस्व स्तरीय ज्ञान के हर विद्यार्थी खातिर सुगम बना रहल हौ।

श्री मोदी कहलें कि भारत बदे आर्टिफिशियल इंटेलीजेंस– एआई के उपयोगी बनवले के उद्देस्य से सरकार मेक एआई इन इण्डिया के दृष्टिकोंण पर कार कइ रहलि हौ।

***हमें ए आई को लगातार प्रमोट करना होगा। आज हम देख रहे हैं कि भारत ए आई डेवलेपमेंट एंड एडप्शन में आगे रहने वाले देशों में शामिल है। इसके विस्तार के लिए सरकार ने इंडिया ए आई मिशन को लॉन्च किया है। इससे वर्ल्ड क्लास इन्फ्रास्ट्रक्चर हाई क्वालिटी डेटा स्पेस और रिसर्च फैसिलिटी तैयार किए जाएंगे।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु देउरिया में छौ सौ छिहत्तर करोड़ रूपिया के पांच सौ एक परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। येह कार्यक्रम में उहां के कई गो योजना के लाभारथियन के प्रमाण पत्रो दिहलीं। कार्यक्रम के सम्बोधित करत उहां के पहलगाम में भइल आतंकवादी घटना क चरचा कइलीं अउर ओकर कड़ेर निंदा कइलीं। मुख्यमंत्री कहलें कि आतंकवाद के खिलाफ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में लगतारे सख्त कार्रवाई कइल जा रहल हौ। पूरा देस एक स्वर में आतंकवाद के खिलाफ खड़ा हौ। येह मौका पर मुख्यमंत्री देउरिया में भइल विकास कारो क चरचा कइलें।

मुख्यमंत्री अजुये गोरखपुर के चरगांवा में नगर निगम की ओरि से आठ करोड़ ओन्तालीस लाख रूपिया के लागति से बनावल गइल गारबेज ट्रांसफर स्टेसनो क लोकारपण कइलें।

**********

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री अउर स्वास्थ्य मंत्री बृजेश पाठक आजु अम्बेडकरनगर जिला क दौरा कइलें। येह दौरान उहां के स्वास्थ्य विभाग के कार्यक्रमन क गहन समीक्षा कइलीं। येह मौका पर श्री पाठक जिला के अस्पतालन में मौजूद समेस्या के समाधान बदे सम्बन्धित अधिकारियन के निरदेस दिहलें। उप मुख्यमंत्री नरेन्द्र देव इंटर कॉलेज में नया बनल विज्ञान प्रयागसाला क लोकारपण कइलें अउर समाजसेवी स्वर्गीय अनिरूद्ध सिंह के मुरतियो क अनावरण कइलें।

**********

अजोध्या में एयरपोर्ट के तर्ज पर दुइ सौ पचास करोड़ रूपिया के लागति से बस टर्मिनल क निरमाण कइल जाई। ई जनकारी प्रदेस क परिवहन मंत्री दयाशंकर सिंह अपने अजोध्या दौरा के दौरान दिहलें। उहां के बतवलीं कि नया बस टर्मिनल में मॉल से ले के होटल तक क इंतिजाम होई। अजोध्या धाम के धारमिक महातम के धियान में रक्खत एके मंदिर मॉडल में तइयार कइल जाई।

**********

प्रदेस भर में आजु परशुराम जयंती मनावल जा रहल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह मौका पर प्रदेसवासियन के बधाई दिहले हवें। परशुराम जयंती के अवसर पर आजु भिन्नहीं अजोध्या के श्रीराम मंदिर के मुख्य सिखर पर ध्वज दंडो स्थापित कइ दिहल गइल। मंदिर ट्रस्ट क महासचिव चंपत राय बतवलें कि स्थापित कइल गइल ध्वज दंड क लम्बाई बेयालीस फीट हौ।

**********

उत्तराखंड में बिहने गंगोत्री अउर यमुनोत्री धाम क कपाट सरधालुअन बदे खोलि दीहल जाई। एकरे सथहीं आधिकारिक रूप से बरिस दुइ हजार पचीस क चारधाम जतरा क सुभारम्भ हो जाई।

आकाशवाणी से चार धाम जतरा के उद्घाटन क सोझे प्रसारण कइल जाई। गंगोत्री धाम के खुलले क सोझे प्रसारण बिहने भिन्नहीं दस से इग्यारह बजे ले कइल जाई ओहीं यमुनोत्री धाम क सोझे प्रसारण साढ़े इग्यारह से साढ़े बारह बजे ले होई। केदारनाथ धाम क कपाट खुलले क सोझे प्रसारण दुइ मई के भिन्नहीं छौ बजे होई ओहीं बद्रीनाथ धाम के खुलले क सोझै प्रसारण चारि मई के भिन्नहीं साढ़े छौ बजे से साढ़े सात बजे ले होई।

ई सोझे प्रसारण आकाशवाणी के इंद्रप्रस्थ, एफएम गोल्ड अउर आराधना चैनल के साथे–साथ न्यूज ऑन एयर ऐपो पर उपलब्ध होई। जतरा से जुड़ल रिपोर्टो बिहने से चारि मई ले रोजाना संझा साढ़े सात से सात बजि के पैंतालीस मिनट ले प्रसारित कइल जाई।

**********